

Depatman Lajistis Etazini
Divizyon Dwa Sivik



Pwoteksyon Federal kont

Diskriminasyon poutèt Peyi kote Moun Soti



Pibliye nan mwa avril 2001

ESPLIKASYON PRELIMINÈ

Lwa federal yo defann fè diskriminasyon kont yon moun poutèt peyi li soti, ras li, koulè l, reliyon l, oswa poutèt li enfim, poutèt li se gason oswa fi, epi dapre si l marye oswa pa marye. Dapre lwa ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun soti yo, li ilegal pou fè diskriminasyon poutèt kote yon moun fet, poutèt moun ki zansèt li, poutèt kilti li, oswa poutèt lang li pale. Sa vle di yo pa kapab refize yon moun menm opòtinite ak tout lòt moun paske fanmi l soti nan yon lòt peyi, oswa paske non li oswa jan li pale fè l sanble moun ki soti nan yon lòt peyi, oswa paske li patisipe nan tradisyon moun ki soti nan lòt peyi, oswa paske li marye oswa asosye ak moun ki soti nan yon lòt peyi.

Divizyon Dwa Sivik nan Depatman Lajistis la (Department of Justice's Civil Rights Division) gen yon tèt chaje, paske kapab gen diskriminasyon ki fèt nan Etazini kont moun ki soti nan lòt peyi, san pèson pa fè rapò, paske moun ki viktim diskriminasyon yo pa konnen dwa yo devan lalwa, oswa paske yo kapab pè pote plent devan gouvènman. Pou chache rezoud pwoblèm sa a, Divizyon Dwa Sivik la tabli yon Gwoup ki pou Travay sou Kesyon Orijin Nasyonal (National Origin Working Group), pou ede sitwayen ak etranje ki rete nan Etazini yo konprann pi byen dwa yo genyen devan lalwa, epi revandike dwa sa a yo. Si w kwè gen diskriminasyon ki fèt kont ou, oswa kont yon moun ou konnen, poutèt peyi nou soti a, epi ou vle aprann plis sou dwa w genyen devan lalwa, ou dwe li tiliv sa a.

Tiliv sa a bay esplikasyon sou lwa ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun soti, epi li bay kèk egzanp. Ou kapab jwenn lòt enfòmasyon sou Divizyon Dwa Sivik la ak sou Seksyon ki ladan yo sou Entènèt, nan adrès sa a: <http://www.usdoj.gov/crt>. Si w vle pote plent kont diskriminasyon, ou mèt telefone Divizyon an dapre esplikasyon ki bay pi ba la a.

POU W KAPAB KONNEN DWA W DEVAN LALWA

Divizyon Dwa Sivik nan Depatman Lajistis la (Civil Rights Division of the Department of Justice) ap travay pou fè respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon nan:

Edikasyon
Travay
Kote pou moun rete
Prete lajan
Enstalasyon piblik
Travay lapolis/Abi otorite lapolis konn fè
Eleksyon

Lòt lwa Divizyon an travay pou fè respekte tou, se lwa ki defann fè diskriminasyon kont moun poutèt yo enfim, epi li pwoteje dwa sivik moun ki nan enstitisyon nan kèk Eta oswa nan enstitisyon lokal, epi li rele moun nan lajistis si yo fè krim poutèt ras, koulè, oswa peyi lòt moun soti.

Genyen defwa, Divizyon an kapab foure bouch sèlman si genyen yon « abitid oswa yon woutin » diskriminasyon. Lè genyen yon « abitid oswa yon woutin », se lè gen diskriminasyon ki fèt plis pase yon sèl fwa, epi genyen prensip ki suiv oswa aksyon ki fèt tout tan, ki montre gen diskriminasyon.

VYOLASYON DWA SIVIK KI SE KRIM DEVAN LALWA

* *Yo atake yon jenn gason azyatik pandan lap soti nan yon konsè nan yon kafe. Moun ki atake l la, se yon manm nan yon gwooup blan tèt kale, ki joure ras viktим la pandan lap bat li ak kout pwen epi ak yon bout tiyo, jouktan li pèdi konesans nan pakin kafe a..*

* *Pandan yon reyinyon « Ku Klux Klan », yon manm gwooup la di lòt manm yo konsa Meksiken ak Pòtoriken yo dwe « tounen kote yo soti a ». Yo boule yon kwa nan lakou devan kay yon jenn mouche ak yon jenn madanm panyol, pou kaponnen yo epi pou fose yo kite katye a. Anvan yo boule kwa a, moun yo akize pou zak la rale yon zamafe epi li bay yon zammi l yon lòt zam, pou si viktим yo ta eseye anpeche yo fe zak la.*

* *Yon konpayi ameriken rekrite travayè nan yon ti vil meksiken, epi li pwomèt ba yo bon travay, epi peye yo byen. Konpayi a fe Meksiken yo antre ankachèt nan Etazini nan yon kamyon sitèn ki vid. Lè travayè yo resi rive Etazini, yo menase yo, epi di yo konsa si yo eseye kite izin nan, yap touye yo.*

Seksyon Kriminèl nan Divizyon Dwa Sivik la mennen moun lajistik, si yo akize yo paske yo sèvi ak fòs oswa vyolans kont yon moun ki soti nan lòt peyi, pou kontrarye dwa moun sa a genyen dapre pwoteksyon gouvènman federal. Nan pami dwa sa a yo, genyen dwa sou zafè kote pou moun rete, chache travay, edikasyon, epi sèvi ak enstalasyon piblik. Ou kapab telefone Seksyon Kriminèl la (Criminal Section) nan nimewo (202) 514-3204, oswa ekri nan adrès sa a: Criminal Section, P.O. Box 66018, Washington, DC 20035-6018.

DWA MOUN KI ENFIM

* *Yon HMO kap rekrite pasyan ki gen Medicaid di yon fanm Meksiken Ameriken ki genyen enfimite motris serebral tounen yon lòt jou pou pran randevou, epi HMO a okipe lòt moun tousuit.*

Egzanp sa a kapab montre yon ka kote yo pa respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon kont moun ki enfim, ansanm ak lwa ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi kote moun nan soti. Si w kwè yo fè diskriminasyon kont ou paske ou enfim, ou mèt kontakte Seksyon sou Dwa Moun Enfim nan (Disability Rights Section) nan nimewo (800) 514-0301 (pou pale dirèk ak yon moun) oswa 800-514-0383 (pou TTY, si w pa tande byen) Epitou ou kapab ekri nan adrès sa a: Disability Rights Section, P.O. Box 66738, Washington, D.C. 20035-6738.

EDIKASYON

* *Yon timoun gen pwoblèm pou l pale angle, men lekòl li pa ede l nan aprann pale angle, ni nan etidye okenn lòt matyè..*

* *Yon lekòl kote pifò nan elèv yo se Ayisyen pa bay klas onè. Lòt lekòl nan distrik la ki pa geryen anpil elèv Ayisyen bay klas onè, ansanm ak klas pou plasman avanse.*

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte lwa federal yo, ki defann fè diskriminasyon nan edikasyon poutèt peyi kote yon moun soti. Seksyon Opòtinite pou Edikasyon nan Divizyon an (Educational Opportunities Section) travay pou fè respekte lwa sa a yo nan lekòl elementè ak nan lekòl segondè, epi nan kolèj ak invèsite publik. Seksyon Edikasyon an travay sou tout kalite ka diskriminasyon nan edikasyon, sa ki vle di gade nan ki lekòl ak nan ki klas yo mete elèv, transpò elèv, rekrite pwofesè ak administratè lekòl epi nan ki plas yo mete yo travay, epi ki resous yo mete, ak sa ki nan pwogram edikasyon pou ede elèv ki pa pale angle byen yo aprann pale angle.

Pou pote plent oswa pou mande plis enfòmasyon, kontakte Seksyon Edikasyon an (Education Section) nan nimewo (202) 514-4092, oswa ekri nan adres sa a: Educational Opportunities Section, P.O. Box 65958, Washington, DC 20035-5958.

NAN TRAVAY

- * *Sipèvizè yon anplwaye nan transpò toujou ap pale ras travayè a mal paske fanmi l soti Iran. Semenn pase, patwon an mete yon fo mesaj nan tablo afichaj la, pou di tout moun pa fe anplwaye a konfyans paske li se yon teworis.*
- * *Yon fanm ki soti nan peyi Risi vin chache yon travay kòm kontab. Patwon an pa ba li travay la paske li gen yon aksan lè lap pale, menm si li kapab fè sa yo mande nan travay la.*
- * *Nan yon konpayi ki mete manje nan bwat, yo mande moun ki vin chache travay epi ki sanble etranje, oswa ki pale tankou etranje, pou yo montre papye ki ba yo pèmisyon travay, anvan yo pèmèt yo ekri aplikasyon pou travay la, epi yo pa mande blan ki fet nan peyi a, ki vin chache travay, pou yo montre okenn papye anvan yo ekri yon aplikasyon. Epi tou, yo enspekte papye anplwaye ki nan lòt gwoup etnik ki pa blan yo pi plis, epi yo refize moun sa a yo plis pase lè blan ki fet nan peyi a pote papye yo.*

Egzamp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte lwa ki defann fè diskriminasyon kont anplwaye ak kont moun kap chache travay poutèt peyi kote yo soti. Sa vle di yon patwon pa gen dwa pini, anbete, revoke, oswa refize pran yon moun nan travay oswa bay moun nan pwomosyon poutèt peyi kote li soti a.

Si w kwè gen yon anplwaye, yon sendika, oswa yon ajans travay ki fè diskriminasyon kont ou poutèt peyi kote ou soti, kontakte:

Equal Employment Opportunity Commission
(800) 669-4000
(Pou kote ki genyen 15 anplwaye oswa pi plis)

Office of Special Counsel
(800) 255-7688
P.O. Box 27728
Washington, D.C. 20038-7728.
(Pou kote ki genyen ant 4 ak 14 anplwaye)

Employment Litigation Section
(202) 514-3831
P.O. Box 65968
Washington, D.C. 20035-5968
(Pou patwon ki nan gouvènman Eta oswa gouvènman lokal,
epi ki genyen
abitid oswa woutin fè diskriminasyon ilegal)

Epi tou, yon patwon kapab montre li pa respekte lwa federal yo si gen kèk dokiman li mande sou pèmisyon pou travay, tankou kat rezidans, oswa si li refize dokiman sa a yo sèlman lè moun ki vin chache travay soti nan kèk peyi. Pou plis enfòmasyon oswa pou pote plent, kontakte Biwo Avoka Espesyal Divizyon an (Division's Office of Special Counsel) nan adrès oswa nan nimewo telefòn gratis ki ekri pi wo la a.

NAN KOTE MOUN POU RETE

* *Yon fanmi ki soti Awayi ap chache yon apatman. Moun kap lwe apatman yo di fanmi an pa gen apatman pou lwe, epi yap fè blan vizite apatman yo pou lwe.*

* *Yon koutye kay fè yon fanmi Latino vizite kay sèlman nan katye Latino rete, epi li refize fè yo vizite kay nan katye blan rete.*

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte Lwa federal sou jistis nan zafè kay la (Fair Housing Act). Lwa sa a defann fè diskriminasyon poutèt peyi moun soti, ras yo, koulè yo, si yo se gason oswa fi, reliyon yo, si yo enfim, oswa si yo marye oubyen pa marye (oswa si yo gen pitit ki pako gen 18 an) nan zafè kay. Moun ki gen plent pèsonèl kont diskriminasyon kapab pote plent la devan Depatman pou Developman Vil ak Kote pou Moun Rete (Department of Housing and Urban Development), ki rele tou HUD, nan nimewo (202) 514-4713.

NAN ZAFÈ PRETE LAJAN

* *Yo mande yon fanm Latino peye plis enterè ak plis lajan pou sèvis labank pase kliyan blan gason ki konn regle zafè finans yo menm jan, epi kap mande prete menm lajan an.*

Egzanp sa kapab montre yon ka kote yo pa respekte lwa ki defann fè diskriminasyon nan prete lajan poutèt peyi moun soti, ras yo, si se gason oswa fi, reliyon, si moun nan enfim, si l marye oswa pa marye, oswa si li resevwa lajan nan asistans sosyal. Si w kwè yo refize prete w lajan poutèt peyi kote ou soti, oswa pou kèk lòt rezon lalwa defann, ou mèt mande kote ki konn prete lajan an ba w yon papye ki di pou ki rezon li refize prete w lajan an.

Si lajan an se pou yon ipotèk sou yon kay, oswa lajan pou ranje yon kay, oswa pou lòt rezon ki gen rapò ak zafè kay, ou mèt pote plent devan Depatman pou Developman Vil ak Kote pou Moun Rete a (Department of Housing and Urban Development), nan nimewo (800) 669-9777. Si lajan an se pou lòt rezon pase zafè ki gen rapò ak kay (tankou pou achte oto), ou mèt pote plent swa devan Seksyon pou Zafè Kay ak Dwa Sivik la (Housing and Civil Enforcement Section) nan Divizyon an, swa devan ajans ki okipe règleman nan aktivite kote ki konn prete lajan an. Si sa ki rive w la antre nan yon abitid oswa yon woutin diskriminasyon, ou gen dwa tou pou telephone Seksyon pou Zafè Kay ak Dwa Sivik la nan nimewo (202) 514-4713, pou mande plis enfòmasyon sou dwa w, oswa pou pote plent.

ENSTALASYON PIBLIK

* *Nan yon restoran, yo fè yon gwooup Ameriken Azyatik tann plis pase yon èdtan, epi yo sèvi blan ak Latino yo byen vit.*

* *Yo di yon gwooup Ayisyen Ameriken kap vizite yon lotèl pou yo peye kach, pase pou yo peye ak kat kredi, epi yo fè yo peye plis pase lòt kliyan yo, epi yo pa ba yo menm kalite sèvis, tankou sèvyèt ak savon.*

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun soti, ras li, koulè l, oswa reliyion l, nan kote ki gen enstalasyon piblik. Nan pami sa yo rele enstalasyon piblik, genyen lotèl, restoran, ak kote moun ale pran plezi. Si w kwè yo refize w antre nan yon enstalasyon piblik oswa yo refize w jwenn menm sèvis ak tout moun nan enstalasyon an, epi ou kwè gen yon abitid oswa yon woutin diskriminasyon, kontakte Seksyon pou Zafè Kay ak Dwa Sivik la (Housing and Civil Enforcement Section) nan nimewo (202) 514-4713. Ou mèt ekri tou nan adrès sa a: Housing and Civil Enforcement Section, P.O. Box 65998, Washington, DC 20035-5998.

ABI OTORITE LAPOLIS

* *Ajan lapolis ap plede rete oto Latino ap kondui, poutèt chofè a kondui mal, men yo pa fasil rete oto blan ap kondui menm jan.*

* *Yon ajan lapolis kap pale nan lari avèk yon nonm ki soti Vyetnam fache sou nonm nan, paske li pa pale angle epi li pa kapab reponn kesyon lapolis la. Ajan lapolis la arete nonm nan, epi li akize l li tap fè dezòd.*

Egzanz sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte Prensip Pwoteksyon Egal (Equal Protection Clause) nan Konstitisyon Etazini an. Egzanz sa a yo kapab montre tou kote yo pa respekte Lwa 1968 pou Kontwole Krim nan Omnibus ak Sekirite nan Lari a (Omnibus Crime Control and Safe Streets Act). Lwa sa a defann tout depatman lapolis ki resevwa lajan gouvènman federal nan Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice) fè diskriminasyon kont moun poutèt peyi yo soti, ras yo, koulè yo, reliyion yo, oubyen si yo se gason oswa fi. Egzanz yo kapab montre tou kote yo pa respekte Atik 6 nan Lwa sou Dwa Sivik 1964 la (Title VI of the Civil Rights Act of 1964), ki defann ajans kap fè travay lajistik epi ki resevwa èd pou finans nan gouvènman federal, kit se lajan, kit se pwopriyete leta sezi, fè diskriminasyon.

Si yon moun vle pote plent pou diskriminasyon pèsonèl yo fè kont li, moun nan mèt ekri Seksyon pou Kowòdinasyon ak Revizyon an (Coordination and Review Section) nan adrès sa a: P.O. Box 66560, Washington, D.C. 20035-6560; oswa nan nimewo telefòn sa a: 1-888-848-5306.

Plent pou menm rezon an gen dwa pote tou devan Biwo Pwogram Jistis (Office of Justice Programs) nan Biwo pou Dwa Sivik la (Office for Civil Rights), nan adrès sa a: Office of Justice Programs, U.S. Department of Justice, Washington, D.C. 20531; oswa telefone Biwo Pwogram Jistis la nan nimewo (202) 307-0690.

Seksyon Espesyal pou Plent la (Special Litigation Section) fè ankèt epi li sèvi kòm abit, lè gen plent ki pote kont depatman lapolis pou di konsa depatman an gen yon abitid oswa yon woutin pou fè diskriminasyon poutèt peyi kote moun soti. Si w vle pote yon plent, telefone Seksyon Espesyal pou Plent la (Special Litigation Section) nan nimewo (202) 514-6255, oswa ekri nan adrès sa a: Special Litigation Section, P.O. Box 66400, Washington, D.C. 20035-6400.

DWA SIVIK **MOUN KI NAN ENSTITISYON**

- * *Nan yon prizon, yo refize tradui odisyon sou kesyon disiplin pou prizonye ki pa pale angle.*
- * *Yon lopital leta pou moun ki gen pwoblèm mantal pa mete okenn mwayen pou trete moun ki pa pale angle.*

Egzamp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte sa Konstitisyon Etazini a di sou Pwoteksyon Egal pou tout moun (Equal Protection Clause). Seksyon Litigasyon Espesyal la travay pou fè respekte dwa konstitisyonèl moun ki nan enstitisyon ki soukont gouvènman Eta oswa gouvènman lokal yo, tankou prizon, penitansye, enstitisyon koreksyonèl pou jenn moun, enstitisyon pou moun ki gen pwoblèm mantal, enstitisyon pou moun ki gen pwoblèm devlopman fizik oswa mantal, epi enstitisyon pou moun ki gen anpil laj. Si w se yon rezidan nan nempòt ki enstitisyon konsa, epi ou kwè gen yon abitid oswa yon woutin diskriminasyon poutèt peyi kote ou soti a, kontakte Seksyon Litigasyon Espesyal la (Special Litigation Section) nan nimewo (202) 514-6255. Oswa ou mèt ekri nan adres sa a: Special Litigation Section, P.O. Box 66400, Washington, DC 20035-6400.

PWOGRAM GOUVÈNMAN FEDERAL EDE

- * *Yon ajans lokal pou sèvis sosyal pa bay enfòmasyon, ni fòmasyon pou travay, nan lang koreyen menm si gen 25 poustan nan rezidan lokal yo ki pale koreyen sèlman.*
- * *Nan yon lopital ki tou pre fwontyè Tegzas ak Meksik, yo fè anplwaye sèvis sekirite yo mete yon inifòm ki sanble inifòm Sèvis Imigrasyon (INS), pou fè Latino yo pè vini nan sèvis ijans lopital la. Yo di pasyan Latino yo vini yomenm ak pwòp entèprèt yo, pou yo akspte fè yo wè yon doktè.*

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote ajans ki resevwa lajan gouvènman federal pa respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun soti, ras li, oswa koulè 1. Si w kwè gen yon Eta oswa yon ajans gouvènman lokal, oswa yon òganizasyon ki resevwa lajan gouvènman federal ki fè diskriminasyon kont ou, ou mèt pote plent nan Seksyon Kowòdinasyon ak Revizyon nan Divizyon an (Coordination and Review Section) ; nimewo telefòn nan, se (888) 848-5306. Ou mèt ekri nan adrès sa a tou: Coordination and Review Section, P.O. Box 66560, Washington, D.C. 20035-6560. Seksyon Kowòdinasyon ak Revizyon an ap voye plent la bay ajans federal kap bay lajan an, ki se premye kote ki gen responsabilite pou fè kote lap bay lajan yo respekte règleman kont diskriminasyon yo.

NAN ELEKSYON

* *Malgre moun kap vote yo mande sa, nan yon gwo kominote ki gen moun ki pale panyòl, moun kap òganize eleksyon yo refize bay materyèl pou elekson, tankou fòmilè pou anrejistre ak espesimenn biltén ki ekri nan lang panyòl, oswa yo refize pèmèt moun ki pale panyòl mennen tradiktè pou ede yo nan kabyn pou vote yo.*

* *Yon moun ki responsab biwo pou vote gen pou l mande yon moun nwa ki vin vote, epi ki pale ak yon aksan etranje, epi ki gen yon non li pa abitye, pou l montre prèv li se sitwayen ameriken, men li pa gen pou l mande blan ki vin vote yo prèv yo se sitwayen ameriken.*

Jan moun ki responsab biwo vòt sa a aji a kapab montre li pa respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon lè moun ap vote yo. Lwa sou Dwa Vote a (Voting Rights Act) pa di akle li defann fè diskriminasyon kont moun poutèt peyi yo soti. Men sèlman, gen kote nan lwa a ki di konsa li ilegal pou limite oswa pou refize rekonèt dwa nenpòt sitwayen pou yo vote, kit se poutèt ras oswa koulè yo, kit se poutèt yo nan yon gwoup minoritè ki pale yon lòt lang pase angle. Epi tou, gen kèk jiridiksyon kote Lwa a mande pou yo bay materyèl elekson ak pou yo ede moun, nan lòt lang pase angle.

Epi tou, Seksyon 208 ki nan Lwa sou Dwa Vote a (Voting Rights Act), pèmèt moun kap vote, ki bezwen èd paske yo avèg, paske yo enfim, oswa paske yo pa kapab li oswa ekri, pou yo mennen yon moun (ki pa yon anplwaye ni yon reprezantan sendika) pou ede yo. Sa vle di, si yon moun vle vote epi ki bezwen èd pou li bilten an nan lang angle, li kapab mennen yon zanmi oswa yon moun nan fanmi l, pou tradui pou li. Genyen kèk kote moun kap sipèvize elekson yo oblige bay enfòmasyon, tankou enskripsyon pou vote, ak bilten, nan lòt lang ki pa angle. Sa kapab vle di tou, entèprèt pou ede moun vote.

Si w kwè yo te fè diskriminasyon kont ou, lè w ap vote, oswa yo te refize w èd pou w vote, ou mèt kontakte Seksyon pou Vote nan Divizyon an (Division's Voting Section) nan nimewo (800) 253-3931. Ou mèt ekri tou, nan adrès sa a: Voting Section, P.O. Box 66128, Washington, DC 20035-6128.

Remak: Moun ki enfim kapab jwenn dokiman sa a ki ekri ak gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, diskèt konpyoutè, oswa ekri nan lang bray.

Yo pral reponn telefòn nan an angle lè w rele nenpòt nan biwo yo ki nan tiliv sa a. Di operatè a ki lang ou pale si ou bezwen yon moun tradwi pou ou. Operatè a pral fè w tann pandan l ap chèche tradiktè a. Tanpri pa fèmen telefòn nan.

Ou mèt kopye tiliv sa a jan ou vle.

Federal Protections Against National Origin Discrimination

Haitian Creole

[**http://www.usdoj.gov/crt**](http://www.usdoj.gov/crt)